

Ou santi moustik ap  
pike w?

Sa vle di li lè pou  
drennen epikouvri.



# DRENNEN

**Drennen dlo dòmi.**

Drennen dlo nan poubèl, goutyè, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, potafle oswa tout lòt resipyan kote dlo pou wouze oswa dlo lapli stoke.

**JETE:**

vye kawotchou, dwoum, boutèy, bidon, po ak kastwòl, aparèy kase ak lòt atik ki pap sèvi.

**VIDE EPI NETWAYE:**

basen zwazo ak abrevwa bèt domestik yo, youn oswa de fwa pa semenn omwens.

**PWOTEJE:**

bato ak machin kont lapli ak bach ki pa kenbe dlo.

**KENBE:**

konpozisyon chimik dlo pisin yo.  
Vide pisin an plastik yo lè yo pap sèvi.

---


**Anpeche moustik viv epi miltipliye bò  
lakay ak biznis ou.**



Pwoteje tèt ou  
kont piki  
moustik ak  
maladi yo ka pote.

Pa bliye  
drennen epikouvri.

# KOUVRI



## KOUVRI PO W AK:

**RAD** Si ou dwe rete deyò lè moustik yo aktif, kouvri kò w. Mete soulye, chosèt, pantalon long, ak manch long.

**SOLISYON KANPE LWEN POU MOUSTIK** Pase solisyon kanpe lwen sou po w ak rad ou. Toujou itilize solisyon kanpe lwen jan etikèt la di l la. Solisyon kanpe lwen ki fèt ak DEET, ikaridin, esans sitwon ekaliptis, ak IR3535 efikas. Itilize moustikè an til pou pwoteje timoun pi piti pase 2 mwa.

## SKRINE PÒT AK FENÈT YO.

Pa kite moustik rantre nan kay la. Repare skrin fenèt, pòt, galri ak teras yo.

403\_01-230 3/16



[miamidade.floridahealth.gov](http://miamidade.floridahealth.gov)



[www.miamidade.gov/solidwaste](http://www.miamidade.gov/solidwaste)

Rele 3-1-1 to Pou Rapòte Moustik